



T Etid Transpò sou Dlo

N ap reyenvante fason nou fè tranpò sou dlo nan MBTA. Etid Transpò sou Dlo a se premye etap nou nan efò sa a.

Sèvis transpò pa bato a se yon resous enpòtan ki soutni katye k ap devlope yo. Etid sa a ap pèmèt nou planifye pwochen jenerasyon rezo transpò sou dlo yo k ap pi aksesib. Nou bezwen konnen opinyon w sou kote yo ta dwe mete nouvo wout bato yo, tèminal yo, ak enstalasyon yo, ansanm ak amelyorasyon nou dwe pote nan sèvis transpò pa bato ki egziste deja yo.

Nou ta renmen konnen opinyon w, ou menm ki konn itilize sèvis sa yo, ou menm ki se yon rezidan nan rejyon an, paske se ou menm ki konnen katye w ak trajè ou abitye fè yo. Tanpri, vin patisipe nan youn nan rankont piblik nou yo, asiste yon reyinyon vityèl e piblik, oswa patisipe nan sondaj sou sit entènèt nou an!

Aprann Plis:

[MBTA.com/watertransportationstudy](https://www.mbta.com/watertransportationstudy)

Pataje Opinyon w anliy:

Pou tout kesyon ou ta genyen sou etid sa a, kontakte nou nan

WaterTransportationStudy@mbta.com

Reyinyon yo pral fèt plizyè fason diferan:

- Jounen pòt Ouvè – Pase vin pale ak manm ekip yo sou etid la
- Reyinyon Kominotè – Manm ekip yo pral fè yon prezantasyon epi reponn kesyon ou genyen yo

Evènman	Dat	Lè
Lynn, Jounen pòt Ouvè Blossom Street Pier, Lynn, MA 01901	Madi 30/9/2025	4:00 – 7:00 PM
Quincy, Jounen pòt Ouvè Marina Bay/Squantum Point Park, Quincy, MA 02171	Jedi 2/10/2025	4:00 – 7:00 PM
Salem, Jounen pòt Ouvè, Stasyon Tren kominotè, 252 Bridge St, Salem, MA 01970	Madi 7/10/2025	4:00 – 7:00 PM
Gloucester, Jounen pòt Ouvè Stasyon Tren kominotè, 75 Railroad Ave, Gloucester, MA 01930	Mèkredi 15/10/2025	4:00 – 7:00 PM
Chelsea, Open House Bellingham Square, Chelsea, MA 02150	Mèkredi 22/10/2025	2:00 – 5:00 PM
Everett, Jounen pòt Ouvè Everett Square, Everett, MA 02149	Mèkredi 29/10/2025	2:00 – 5:00 PM
Reyinyon Kominotè – Zoom Eskane kòd QR la pou w enskri	Mèkredi 8/10/2025	6:30 – 8:00 PM



* Evènman n ap gen pou n fè deyò yo depann de kondisyon meteyolojik yo e yo ka chanje. Tanpri tcheke sit entènèt pwojè a pou w jwenn enfòmasyon ajou:
[MBTA.com/watertransportationstudy](https://www.mbta.com/watertransportationstudy)



**Massachusetts Bay
Transportation Authority**